

INYIGISHO YA MUSENYERI VENANTI BACINONI, UMWUNGERE WA DIYOSEZE YA BURURI YAKIRA ABASASERDOTI BASHASHA IWE.

Kuri uyu musi duhimbaza iherezwa rya Bikira Mariya, Ekleziya iriko irahimbaza yongera izirikana ibanga ry'ukwihereza Imana. Imana niyo yitorera, ariko uwo itoye atavyemeye ngo abikenguruke abigamburuke yongere ayihereze, ntaco biheza ngo bimare. Bikira Mariya amaze gukura akakira ubutumwa ashikirijwe n'umumarayika yaciye avyemera avuga avuga ati: "Jewe ndi umusavyi w'Umukama, ni bimere nkuko ubivuze". Iciyumviro c'ukwihereza Imana benshi muri twebwe cabajemwo bakiri bato. Kandi Imana ica mu mayira menshi mu kwitorera abayihereza. Imana ivuga iti: "Mwigeme wa Siyon...nzoza kwibera muri wewe".

Imana yamenyesheje ko izoza kugerera mu gisagara ca Yeruzalemu umwigeme wa Siyon. Ni ikimenyetso c'uko Imana izoza kubana n'abantu, ikimenyetso c'uko Imana izoza kwigira umuntu iciye kuri Bikira Mariya uwundi Mwigeme w'agakura wa Siyon, ikimenyetso c'uko Imana idahengeshanya kuza kuba muri umwe umwe muri twebwe ubwa mbere na mbere kubw'inema y'ibatisimu. Igihe uwabatijwe yatiwe mw'ibanga ry'ubusaserdoti, Imana iramusesekarizamwo ico kinyegezwa c'ukubana n'abantu.

Yezu amaze kurungika abatumwa biwe kwigisha Inkuru nziza, ntiyaciye aja gufata akaruhuko. Yagumanye nabo kuko yababwiye ati: "Ndi kumwe namwe ubutakibavirira". Ubutumwa Yezu aha abasaserdoti ni We aburangurira muri bo. Turaheza tukaburangura ku bwiwe. Tukaburangura twigana Bikira Mariya, twigana Yezu We nyene mu kwama turiko turamwhereza, mu kwama turiko turamugamburukira tutamusiguza vyinshi, mu kwama dushira aho ashize nk'abasavyi biwe. Mu misi iheze, twarabubitseko ibiganza turabinjiza mw'ibanga ry'ubusaserddoti; ntivyari guherera harya kuko twabaronse tubipfuza kugira ngo muzotuvune tutaravunika. Kaze rero bavukanyi mwashikiye mu muryango munini wa diyoseze. Turabahaye ikaze ngaha mu nzu iwacu ari ho mu nzu iwanyu. Ni mumenye ko ngaha ari i muhira, muoze mwisanga. Inzugi biroroshe kuzugurura, ikigoye ni ukugurura imitima. Umusi wose mwaje muzosanga imitima n'inzugi vyose vyuguruye.

Turabipfuriye ubutumwa bwiza.